



Konnen Dwa Ou! Aplike pou Lojman Eta a Finanse nan Vil New York Lè Ou Gen yon Istwa Kriminèl

Si w ap aplike pou lojman eta a finanse nan Vil New York epi w gen yon istwa kriminèl, ou gen dwa ak pwoteksyon. Si w pa abite nan Vil Nouyòk, tanpri revize dokiman Konnen Dwa w yo pou Lojman Eta a Finanse, ki disponib nan: <https://hcr.ny.gov/info-justice-involvement>

Anvan yo fè yon verifikasyon istwa kriminèl, pwopriyete yo dwe fè w konnen sa (ou ka wè sa nan aplikasyon pou lojman an) epi yo dwe revize elijibilite jeneral ou **anpremye** (sa vle di, kapasite w pou satisfè kondisyon pwogram nan ak kontra lwaye a). Lè sa a, pwopriyete/bayè a dwe ofri w yon lojman ki baze sou verifikasyon antesedan ou ak/oswa nenpòt nouvo enfòmasyon oswa enfòmasyon ki ka twonpe.

Si pwopriyete/bayè yo fè yon verifikasyon sou antesedan ou yo, yo dwe voye ba ou yon kopi dokiman enprime a ki montre istwa kriminèl la epi yo dwe ba ou 10 jou ouvrab pou w ka bay plis enfòmasyon. Sa a ka gen ladan, men se pa sa sèlman, prèv reyabilitasyon, tankou benevola oswa travay, reyabilitasyon, lèt patwon w oswa responsab relijye w la, oswa prèv erè nan rapò a (Gade pi ba a pou plis konsèy).

Pwopriyete/Bayè yo dwe fè yon evalyasyon endividalize anvan yo rejte yon aplikan akòz istwa kriminèl li. Evalyasyon endividalize a pran an konsiderasyon nenpòt kondanasyon ki ka sijè ak revizyon, ansanm ak nenpòt enfòmasyon adisyonèl ou te bay nan delè yo bay la.

Pwopriyete/Bayè yo ka sèlman pran an konsiderasyon sèten kondanasyon (epi okenn arestasyon an kou). Kondanasyon sa yo an annapre a:

1. Kondanasyon pou deli minè ki te fèt nan ane anvan revizyon aplikasyon pou lojman an;
2. Kondanasyon pou krim ki te fèt nan 5 ane anvan revizyon aplikasyon pou lojman an;
3. Yon kondanasyon ki mennen nan anprizònman kote yo te libere aplikan an nan ane anvan revizyon aplikasyon pou lojman an; epi
4. Nenpòt kondanasyon yo anrejistre nan rejis delenkan seksyèl New York, rejis federal delenkan seksyèl, oswa rejis nenpòt lòt jiridiksyon pou yon moun ki oblije anrejistre kòm delenkan seksyèl.

Pwopriyete/Bayè yo pa kapab pran Eleman sa yo an Konsiderasyon lè y ap Revize Aplikasyon w lan.

1. Tout arestasyon ki an kou (enkli sa ki gen yon ajounman pou anilasyon (ACOD));
2. Arestasyon nan pase oswa akizasyon kriminèl ki te rezoud an favè ou;
3. Jijman pou delenkans jivenil;
4. Kondanasyon pou enfraksyon ki te komèt anvan laj 18 lane;
5. Kondanasyon yo te sele, padone, ranvèse nan apèl, anile, yo soumèt pou padon egzekitif, oswa otreman efase, anile, oswa legalman invalide;
6. Kondanasyon ki sijè ak yon sètifika reyabilitasyon;
7. Yon kondanasyon pou vyolasyon, oswa ekivalan pwen (1)-(6) nan yon lòt jiridiksyon;
8. Nenpòt arestasyon ki an kou ki pa debouche sou yon kondanasyon;
9. Kondanasyon ki pa te enplike vyolans fizik oswa danje pou moun oswa pwopriyete, oswa ki pa afekte sante, sekirite ak byennèt lòt moun; epi
10. Kondanasyon ki fèt nan yon lòt eta oswa jiridiksyon, pou zak ki ta legal si li te fèt nan Vil New York, epi ki enplike: (a) chèche, jwenn, bay, oswa fasilite swen repwodiktif oswa afime sèks jan sa defini nan seksyon 10-184.1 nan kòd administrasyon Vil New York la, (b) angaje nan yon aktivite swen sante ki legalman pwoteje nan seksyon 1570. Iwa sou pwosedi Kriminèl eta New York la; oswa (c) posesyon Cannabis ki pa ta yon krim nan Eta New York.

Pwopriyete yo dwe konsidere nenpòt enfòmasyon ou soumèt alè ki idantifye erè nan istwa kriminèl ou, ansanm ak nenpòt enfòmasyon adisyonèl oswa apezan ki sipòte aplikasyon w lan, ki gen ladan prèv reyabilitasyon ak bon konpòtman.

Prèw reyabilitasyon ak bon konduit ka enkli, men se pa sa sèlman:

1. Patisipasyon nan yon pwogram reyabilitasyon pou dwòg oswa alkòl;
2. Patisipasyon nan lòt kalite pwogram reyabilitasyon ak konplete yo;
3. Yon Sètifika Bon Konduit oswa nenpòt lòt dokiman ki ateste bon konduit ou pandan anprizònman ou a;
4. Ou te chèche epi konsève travay ou apre kondanasyon w oswa liberasyon w;
5. Ou gen yon istwa bon lokatè (tanpri sonje ou ka chwazi bay referans pozitif ki soti nan men ansyen pwopriyetè oswa founisè lojman, men yo pa pral penalize w si ou pa fè sa);
6. Si ou te gen difikilte pou jwenn travay, prèw ou te pase tan ou ou nan yon fason pozitif (tanpri mete kèk egzanp, enkli nenpòt patisipasyon nan kominote a oswa travay volontè);
7. Lèt rekòmandasyon manm kominote a;
8. Yon istwa oswa enfòmasyon ki eksplike sikonstans kote enfraksyon an te komèt ak sa ki te pase depi lè sa a, ki ta ka diminye gravite kondanasyon an;
9. Nenpòt lòt faktè ki gen rapò ak efò reyabilitasyon w yo ak mòd lavi ou ki ka enpòtan; epi
10. Prèw nenpòt erè nan dosye sistèm jistis kriminel pwopriyetè a oswa ajan jesyon an te jwenn.

Si yo rejte aplikasyon w lanakozistwa kriminel ou, ou dwe resevwa (1) yon kopi Fich Travay NYSHCR ki ranpli nèt, pou Evalyasyon Istwa Kriminel yon Aplikasyon pou Lojman Eta a finanse nan Vil New York, ki gen yon eksplikasyon alekri sou fason kondanasyon an afekte enterè biznis lejitim pwopriyetè a ak ki jan yo te oswa yo pa te konsidere enfòmasyon adisyonèl ou te bay yo pou desizyon sa a. (2) yon kopi enfòmasyon yo revize, (3) 10 jou ouvrab pou w fè apèl kont desizyon an, epi (4) [Avi sou Lojman Ekitab nan Vil New York la \(\(NYC's Fair Chance Housing Notice\)](#).

Si w kwè pwopriyetè a pa byen evalye aplikasyon w lan epi li refize w lojman yon fason enjis, kontakte Biwo Eta New York pou Lojman Ekitab nan pwogram Lojman ak Renouvèlman Kominote nan: feho@hcr.ny.gov pou jwenn asistans. Gen plis enfòmasyon ki disponib isit la: <https://hcr.ny.gov/marketing-plans-policies#credit-and-justice-involvement--assessment-policies>